

Modifikasyon nan Plan Aksyon kont Siklòn Ida (Action Plan Amendment, APA) 8

Tout moun ki enterese yo kapab soumèt kòmantè sou Modifikasyon sa a spi sit entènèt la lè yo [klike la a](#), grasa imèl nan rhcinfo@hcr.ny.gov, oswa nan kourye lapòs ki adrese pou Office of Resilient Homes and Communities, ATTN: Public Comments, 641 Lexington Avenue (5th Floor), New York, NY 10022. Peryòd kòmantè piblik pou APA 8 la ap fini nan dat **13 Mas** a 5:00 p.m. EST. Nou p ap konsidere kòmantè nou resevwa apre 5:00 p.m. EST nan dat **13 Mas** yo.

Ap gen kopi nan tout plan aksyon ak modifikasyon yo ki disponib gratis pou nenpòt moun ki ap mande kopi, nan rhcinfo@hcr.ny.gov. Epitou, ou kapab jwenn dokiman sa yo sou sit entènèt nou an, lè w klike sou lyen ki vin apre a: [Kay ak Kominote Solid - Plan Aksyon ak Modifikasyon | Renouvèlman Kay ak Kominote \(ny.gov\)](#). Pou demann konsènan aksè nan langaj ak tradiksyon yo, tanpri kontakte rhcinfo@hcr.ny.gov.

APA 8 trete pwen ki vin apre yo:

- A. Re-afektasyon Fon:** Chanjman pou reflekte re-afektasyon yo pwopoze pou anviwon \$2.8 milyon apati Pwogram Rekouvremant ak Ranbousman Ida pou Pwopriyetè yo (Ida Homeowner Recovery and Reimbursement, IHRR) ak \$13.7 milyon apati Pwogram Inisyativ Lojman Sekirize pou Lokatè yo (Renters Safe Housing Initiative, RSHI) pou Pwogram Envestisman Solid Grasa Sipò ak Kapital (Resilient Investments through Support and Capital, RISC), sa ki ogmante bidjè li soti anviwon \$8.3 milyon pou vin \$24.7 milyon. Epitou, chanjman yo reflekte modifikasyon yo pwopoze nan fason yo ap rapati bidjè pou tout kat (4) Pwogram yo ansanm ak fon pou planifikasyon jeneral la, ant de (2) Sibvansyon pou Timoun, pou sa toujou rete an konfòmite ak rezèv Limitasyon an, epi pou repati fon yo ant de (2) Sibvansyon pou Timoun (B-21-DF-36-0001 ak B-22-DF-36-0001) selon pwogram ansanm ak fonksyon yo dwe finanse pi rapid yo. Fon yo ajiste pou IHRR la sou baz kantite aplikan ki genyen an ak montan yo prevwa pou sibvansyon yo apre dat limit pou demann lan ansanm ak evalyasyon yo kontinye fè pou domaj yo. Re-afektasyon RSHI a baze sou kantite aplikan aktyèl la ak to nouvo aplikan yo tank dat limit Pwogram nan, ki fikse pou mwa mas 2026, ap pwoche. Yo ap re-afekte fon yo nan pwogram RISC a, yon fason pou yo finanse volè RISC-Enfrastikti APA sa a te pwopoze a. Chanjman pou mete pwojeksyon rezilta Pwogram nan ajou pou IHRR, RSHI ak RISC, sou baz bidjè ki ajou a. RHC ap kontinye siveye to aplikasyon yo, frè aktyèl epi frè yo prevwa yo, epi li ap mete bidjè Pwogram nan ajou si sa nesesè. Mizajou ki fèt nan seksyon Rezime Egzekitif, Bezwen Lojman ki pa Ranpli, Bidjè Pwogram, IHRR, RSHI, AHRI ak RISC.
- B. Limit revni pou Pwogram IHRR la:** Chanjman pou limite kalifikasyon nan Pwogram nan pou fwaye ki gen revni ki egal oswa pi ba pase 160% Revni Medyan Zòn nan (Area Median Income, AMI). Akoz egzijans konsènan Avantaj Global la, ki mande pou itilize 70% nan fon sibvansyon an pou moun ki gen Revni Fèb epi Modere yo (Low and

Moderate Income, LMI), depans pwogram nan fè pou moun ki gen revni ki plis pase 80% AMI an dwe limite, yon fason pou garanti konfòmite. Yo konsidere fon CDBG-DR yo kòm yon finansman dènye rekou epi yo pa la pou ranbouse entegralman chak moun ki viktim nan katastwòf. An jeneral, RHC konsidere fwaye ki gen revni pi wo pase 160% AMI, epi yo konsidere kòm fwaye ki gen revni elve yo, kòm fwaye ki kapab pi fasil pou gen aksè nan lòt sous finansman pou kesyon rekonstriksyon apre yon katastwòf, epi/oswa kapab absòbe pèt ki lye ak katastwòf la san twòp difikilte. RHC ap priyore fwaye LMI yo, yon seri fwaye aplikan ki gen revni ki pi wo pase 80% AMI epi jiska 120% AMI yo ap suiv, sou yon baz premye rive premye sèvi. Yo ap konsidere aplikan ki gen revni pi wo pase 120% AMI epi jiska 160% AMI yo soti nan revni ki pi piti rive nan pi wo, jiskaske depans yo atann rasyo 70% LMI a pou tout Pwogram nan. Mizajou ki fèt nan seksyon Lojman Ekitab, Done sou Dwa Sivil ak Avansman Ekite, Pwogram Konsepsyon pou Pwoteje Moun ak Pwopriyete yo kont Difikilte, epi IHRR.

C. Ranbousman prè sibvansyon DRRA eksepsyonèl nan kad Pwogram IHRR la: RHC ap mande apwobasyon HUD pa mwayen Modifikasyon sibstansyèl sa a nan Plan Aksyon an, pou ranbouse frè yo te peye grasa prè sibvansyone eksepsyon estatyè Lwa Stafford la kouvri yo prevwa nan Lwa 2018 sou Refòm ak Retablisman apre Katastwòf la (Disaster Recovery Reform Act, DRRA), an konfòmite ak egzijans ki nan Avi Anrejistremant Federal 2019 la sou Doub Avantaj yo. Eksepsyon sa a kouvri prè sibvansyone yo te bay anvan dat 6 oktòb 2023 anrapò ak katastwòf yo te deklare ant dat 1ye janvyè 2016 ak 31 desanm 2021 yo, san wete IDA. RHC ap fè mizajou nan analiz li te fè konsènan bezwen ki pa konble nan kesyon lojman yo, yon fason pou reflekte kantite lojman andomaje antou ki rete yo, sou baz kantite aplikan nan IHRR ki genyen apre dat limit pou aplikasyon nan Pwogram nan. Epi tou, mizajou sa a bay kantite fwaye kalifye yo poko sèvi epi ki te depoze yon demann nan pwogram IHRR la, epi li montre kijan Pwogram nan pral sèvi aplikan sa yo ki toujou gen bezwen ki poko konble yo. Sou baz bezwen yo estime pou fwaye yo ak fon ki disponib yo, Pwogram nan atann pou li kapab konble tout bezwen yo, san wete ranbousman depans kalifye yo te peye grasa prè ki sibvansyone a, pou tout aplikan ki kalifye yo. Byenke yo te sibvansyone prè sa yo, ranbousman kapital la ansanm ak enterè yo kapab reprezante yon gwo chaj pou aplikan ki te resevwa yo a, sitou pou aplikan LMI yo. Mizajou ki fèt nan seksyon Bezwen Lojman ki pa Konble ak IHRR yo.

D. Presizyon konsènan Aplikan ki Kalifye pou AHRI yo: Chanjman pou presize antite ki pa sou fè lajan yo se aplikan ki kalifye, anplis òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan yo. Òganizasyon ki pa sou fè lajan epi ki pa gen objektif fè lajan yo gen definisyon jiridik ki diferan, men, yo te toujou konsidere toulede kòm aplikan ki kalifye pou AHRI. Mizajou ki fèt nan seksyon AHRI a.

E. Konpozan Enfrastrikti RISC: Chanjman pou reflekte kreyasyon konpozan Enfrastrikti RISC ki nan pwogram Limitasyon RISC la. Konpozan sa a ap finanse enstalasyon limit ki amelyore pou enfrastrikti piblik, amelyorasyon piblik ak ekipman kolektif, yon fason

diminye risk inondasyon nan kominote yo, sitou nan kominote ki lye ak evènman lapli ki sanble ak Siklòn Ida a. Nan Plan Aksyon Ida orijinal la te gen pwogram RISC a antanke pwogram ekipman ak enfrastrikti piblik, anvan li te vin tounen yon pwogram Planifikasyon Limit nan premye Modifikasyon Plan Aksyon an (Action Plan Amendment, APA 1) pou reflekte itilizasyon fon limite yo yon fason ki pi efikas posib. Etandone kantite aplikan aktyèl yo ak bezwen finansman ki genyen nan kad pwogram RHC ki baze sou demann yo, IHRR ak RSHI, RHC te idantifye yon seri fon yo kapab afekte pou konble bezwen pèmanan, ijan, epi ki pa konble, nan kesyon limite risk ki lye ak enfrastrikti yo te idantifye nan Evalyasyon Bezwen pou Limite Plan Aksyon sa a. Pwojè yo finansman nan kad konpozan Enfrastrikti RISC la ap jere kalite, anplè ak anplasman bezwen kritik ki lye ak limite efè katastwòf yo genyen ansanm ak lòt bezwen yo te idantifye nan Avalyasyon sa a. Chanjman anplis pou presize antite ki pa sou fè lajan yo se aplikan ki kalifye, anplis òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan yo. Mizajou ki fèt nan seksyon RISC a.

- F. Mizajou pou reflekte chanjman APA te gentan fè nan montan maksimòm pou èd la:** Mizajou pou reflekte montan maksimòm pou èd la ki ajou pou IHRR (APA 6 ak 7) ansanm ak RSHI (APA 5) nan tablo Bidjè Pwogram nan. Mizajou konsènan Itilizasyon Fon Benefisyè a Pwopoze yo.